| • Rasanble nan lapè nan lakou lekòl la oswa nan bilding lekòl la | • Pou planifye, chèche apwobasyon, epi fè aktivite ki annamoni avèk objektif edikasyonèl lekòl la; epi pou planifye nan yon fason ki pa deranje pwosesis edikasyonèl la oswa ki pa vyole règ lekòl la |
| • Jwi degre rezonab entimite konsènan posesyon byen pèsonèl sof si direktè lekòl la oswa reprezantan li ta kwè yo posede oswa sere materyèl lalwa entèdi. | • Pou pa genyen oswa pou pa sere okenn materyèl lalwa oswa Kòd Konduit Elèv yo entèdi |
| • Pou òganize ak patisipe nan asosyasyon ak aktivite ki pa nan pwogram lekòl la nan lekòl la ki òganize pou nenpòt rezon valab ak legal. Yo pa kapab bay okenn elèv refi pou vin manm yon gwoup akòz ras li, koulè li, relijyon li, orijin etnik oswa nasyonal li, konviksyon politik li, sitiyasyon fanmi li, laj li, preferans seksyèl li, orijin sosyal ak fanmi li, preferans li pou lang, gwosès oswa andikap li | • Pou chèche ak jwenn konsantman administratè yo ak lòt anplwaye deziyen lekòl la anvan yo òganize asosyasyon elèv epi pou kritè ki apwouve reyinyon pou manm ki nan klib oswa òganizasyon |
| • Pou fè konnen pwendvi yo lè yo pale, ekri, mete oswa ekspoze senbòl valè etnik, kiltirèl oswa politik | • Pou aksepte dwa lòt moun pou yo gen diferan pwendvi epi pou fè konnen pwendvi yo sou pwoblèm yo pa dakò yo, nan yon mannyè ki pa vyole dwa lòt moun oswa ki pa deranje pwosesis edikasyonèl annòd lekòl la. Sa ta dwe fèt nan yon mannyè ki pa gwosye, ki pa gen move pawòl, oswa ki pa vyole kòd abiman lekòl la |
| • Pou fòme ak fè konnen pwendvi yo sou pwoblèm ki diskitab san menase relasyon yo avèk pwofesè yo oswa lekòl la | • Pou jwenn enfòmasyon ak konesans sou pwoblèm diskitab epi pou fè konnen pwendvi yo avèk respè epi san yo pa deranje anviwònman edikasyon an oswa san yo pa vyole règ lekòl la |



Lwa Jeneral Florid egzije pou yo resite Pwomès Fidelite pou drapo a nan chank lekòl nan Florid nan kòmansman chak jounen lekòl la. Depi nou resevwa demann alekri yon paran, yon elèv gen dwa pou pa patisipe nan resite Pwomès la. (1003.44, Lwa Jeneral Florid) Sa gen ladan pa kanpe epi mete bò dwat sou pwatrin li.

## NOTIFIKASYON DWA SOU PWOJÈ LALWA *FERPA* POU LEKÒL ELEMANTÈ E SEGONDÈ



Pwojè lalwa sou lavi prive ak dwa edikasyonèl pou fanmi (*Family Educational Rights and Privacy Act*) (FERPA) akòde paran ak elèv ki gen plis pase 18 an (« elèv elijib ») sèten dwa konsènan dosye edikasyonèl elèv la:

1. Dwa pou enspekte ou egzamine dosye edikasyonèl elèv la anvan 30 jou depi jou distri eskolè a resevwa yon demann pou aksè.

   Paran oubyen elèv elijib ta dwè voye bay dirèktè lekòl la (oubyen ofisye apwopriye nan lekòl) yon demann alekri ki idantifye ki dosye li vle gade. Dirèkte a pral fè aranjman pou yo gen aksè, lòfini l ap notifye paran yo oubyen elèv elijib la kilè ak kikote li gendwa gade dosye a.

2. Dwa pou mande yon amannman nan dosye edikasyonèl elèv la lè paran oubyen elèv elijib la kwè gen done ki pa egzak oubyen ki twonpè.

   Paran oubyen elèv elijib yo gen dwa mande dirèktè lekòl la pou amande yon rejis yo kwè ki pa egzak oubyen ki twonpè. Yo ta dwè ekri dirèktè lekòl la, epi idantifye klèman kisa nan dosye a yo vle fè amande epi rezon poukisa li pa egzak oubyen twonpè.

   Si dirèktè lekòl la deside pou li pa amande dosye a, jan paran oubyen elèv elijib mande, dirèktè lekòl la pral notifye paran ou elèv elijib konsènan desizyon an, epi enfòme li sou dwa li pou gen yon chitatande konsènan demann amannman an. Paran oubyen elèv elijib la pral resevwa plis enfòmasyon konsènan pwosedi chitatande a lè dirèktè lekòl la notifye l konsènan dwa li pou gen yon chitatande.

3. Dwa pou bay dizon pou devwale enfòmasyon ki genyen nan dosye elèv la ki idantifye elèv la pèsonèlman, sòf nan mezi kote FERPA otorize devwalman san dizon.

   Yon eksepsyon, ki otorize devwalman san dizon, se lè ofisye lekòl gen yon enterè edikasyonèl lejitim. Yon ofisye lekòl se yon moun ki anplwaye pa distri eskolè a kòm administratè, sipèvizè, enstriktè, pèsonèl soutyen (ki konprann pèsonèl medikal ak pèsonèl lapolis); yon manm Konsèy eskolè a; yon moun ou yon konpayi ki gen kontra avèk distri a pou fè yon tach espesyal tankou yon avoka, oditè, konsiltan medikal oubyen yon terapis.

   Yon ofisye lekòl gen yon enterè edikasyonèl lejitim si ofisye a bezwen egzaminen dosye a pou akonpli reskonsablite pwofesyonèl li.

   Distri a devwale dosye edikasyonèl san dizon lè yon lòt distri eskolè a mande sa pou yon elèv ki chache ou gen entansyon enskri nan lòt distri a.

4. « Repètwa ransèyman pèsonèl » konprann non elèv la, adrès, nimewo telefòn, adrès kouriyèl, fotograf, dat ak lye nesans, dat li asiste lekòl, klas lekòl li a, patisipasyon nan aktivite ak espò ofisyèl, pezantè ak wotè manm ekip espòtif, diplòm, mansyon onorifik, distenksyon, enstitisyon ou ajans edikatif ki pi resan, nimewo idantite elèv, non itilizatè, oubyen lòt idantifikatè inik ki ka sèvi pou konminike ant sistèm elektwonik ki pa ka itilize pou aksede dosye edikatif san yon NIP, mopas, elatriye (nimewo sekirite sosyal elèv la pa ka sèvi pou fen sila yo an pati oubyen an ankè).

   Paran/gadyen elèv la dwè notifye lekòl la konsènan preferans yo kanta devwalman « repètwa ransèyman pèsonèl » lè yo ranpli paj pèmisyon yo nan devan *Kòd kondwit pou elèv*. Lè paran/elèv resevwa *Kòd kondwit pou elèv*, yo dwè retounen imedyatman paj pèmisyon yo bay lekòl la.

   Sizoka yonn nan de ti bwat pa tcheke konsènan repètwa ransèyman pèsonèl elèv la sou paj pèmisyon an, lekòl la rezève dwa a pou devwale daprè lalwa kenenpòt enfòmasyon li konsidere dezirab. Distri eskolè a pibliye nòmalman repètwa ransèyman pèsonèl tèlke delimite anwo pou fen distribisyon nan pami piblik an jeneral.

   Politik Konsèy eskolè yo disponib nan chak lekòl pou ede nan entèpretasyon rejis elèv yo.

5. Daprè atik 20, Kòd Etazini, seksyon 7165, Distri eskolè nan konte Lee pral, sou demann, transfere bay kenenpòt lekòl elemantè ou segondè, piblik ou prive, kote elèv la chache enskri ou gen entansyon enskri, rejis disiplinè elèv la konsènan ekspilsyon oubyen sispansyon an deyò lekòl.

6. Dwa pou pòte plent avèk Depatman edikasyon Etazini konsènan echèk prezime distri eskolè a nan respekte egzijans FERPA. Non ak adrès biwo ki administre FERPA se:

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
600 Independence Avenue, SW
Washington, DC 20202-4605

# POLITIK NON DISKRIMINASYON

Distri eskolè nan konte Lee pa diskrimine poutèt sèks, ras, koulè, relijyon, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal ou etnik, eta sivil, oubyen enfimite nan founi pwogram edikasyonèl, nitou nan aktivite anplwa ou benefis li opere, epi sila a daprè egzijans nan Tit IX, Tit VI, Tit VII pwojè lalwa kont diskriminasyon poutèt laj (1967), lòfini seksyon 504 nan pwojè lalwa sou reyadaptasyon (1973, 1992), epitou pwojè lalwa pou Ameriken avèk enfimite ak pwojè lalwa Florid pou Ekite nan edikasyon (1984). Politik sila a se pou ni anplwa ni admisyon nan Distri eskolè nan konte Lee. Demann pou ransèyman konsènan Tit IX, Tit VI, Tit VII, pwojè lalwa kont diskriminasyon poutèt laj (1967) ak seksyon 504, oubyen pwojè lalwa pou Ameriken avèk enfimite ta dwè adrese a dirèktè Estanda pwofesyonèl ak ekite e/ou Depatman Sèvis pou etidyan. Fòm ak pwosedi pou griyèf ak plent disponib nan biwo Estanda pwofesyonèl ak ekite, biwo Sèvis pou etidyan, oubyen nan men kòwòdonatè ekite nan chak lekòl. Plent konsènan vyolasyon politik sila a ta dwè adrese a dirèktè Estanda pwofesyonèl ak ekite e/ou Direktè Sèvis pou etidyan. Plent/demann pou ransèyman konsènan konfòmite avèk règleman sila yo gendwa soumi alekri bay kòwòdonatè ekite nan lekòl ou.

| Pwoblèm ekite konsènan elèv | Pwoblèm ekite konsènan anplwaye |
|---|---|
| Direktè Sèvis pou etidyan<br>Distri eskolè nan konte Lee<br>2855 Colonial Boulevard<br>Fort Myers, FL 33966<br>(239) 337-8181<br>TTD/TTY (239) 335-1512 | Dirèktè Estanda pwofesyonèl ak ekite<br>Distri eskolè nan konte Lee<br>2855 Colonial Boulevard<br>Fort Myers, FL 33966<br>(239) 337-8330<br>TTD/TTY (239) 335-1512 |

**Pwojè lalwa Florid pou ekite entèdi diskriminasyon poutèt ras, orijin etnik, orijin nasyonal, sèks, enfimite ou eta sivil kont yon elèv oubyen yon anplwaye nan yon sistèm edikasyon piblik nan leta Florid [1000.05 F.S.].**

# POLITIK KONSÈNAN DOLEYANS POU DISKRIMINASYON

Si yon elèv santi gen moun ki trete li yon fason enjis poutèt diskriminasyon, li gendwa fè apèl pou kenenpòt desizyon ki fèt baze sou kenenpòt politik oubyen pwosedi. Prenmyèman, elèv la sipoze pale ak pwofesè li, kòwòdonatè ekite nan lekòl la oubyen konseye lekòl la. Si konfli a toujou egziste, elèv la sipoze pale ak administratè lekòl la. Si li pa rezoud pwoblèm nan, elèv la gendwa fè apèl a dirèktè adjwen Sèvis pou etidyan nan 337-8181. Aprè ankèt nan nivo sila a, si elèv la toujou pa satisfè, li gendwa soumèt yon apèl alekri bay Dirèktè zafè akademik: *2855 Colonial Boulevard, Fort Myers, FL 33966*; answit, Dirèktè chèf lekòl yo, epi finalman Konsèy eskolè a nan konte Lee.

Si elèv la santi li pa satisfè nan nivo lokal, elèv la gendwa kontakte Depatman edikasyon Etazini: U.S. Department of Education, Office for Civil Rights, Atlanta Office, Southern Division, 61 Forsyth Street, S.W., Suite 3B70, Atlanta, GA 3030-8909.

## Vyolans oubyen Abi sou Adolesan ki nan Renmen

Se règleman Distri lekol nan "Lee County" pou tout elèv li yo gen yon anviwònman edikasyon ki an sekirite, san danje ak vyolans sou adolesan ki nan renmen oswa abi sou nenpòt fom, jan sa endike nan Règleman lekol Board 4.10.

Ki konsistan avèk entansyon ak kondisyon Seksyon 1006.148, Lwa Florid, lekol Distri "Lee County" entèdi tout moun pou pa fe vyolans sou elev ki nan renmen: nan pwopriyete lekòl la; pandan nenpòt program owas aktivite ki patwone pa lekòl la; oubyen pandan transpòtasyon ki patwone pa lekòl la.

Vyolans oubyen Abi sou Jèn Adolesan ki nan Renmen defini kòm yon modèl abi emosyonèl, vèbal, seksyèl oswa fizik itilize pa yon moun ki nan yon relasyon aktyèl oswa ki te nan yon relasyon pase pou egzèse pouvwa ak kontwòl sou yon lòt lè youn oswa toude nan patnè yo se yon tinedjè. Abi yo kapab genyen ladan yo ensilte, presyon, sosyal sabotaj, arasman seksyèl, swiv moun, menas, ak / oswa zak abi fizik oswa seksyèl. Patnè abizif la itilize modèl konpòtman vyolan ak konsyans pou jwenn pouvwa ak kenbe kontwòl sou patnè li nan relasyon avel la. Sa ka gen ladan tou abi, arasman, ak swivan atravè aparèy elektwonik tankou telefòn selilè ak òdinatè, ak arasman atravè yon twazyèm pati, epi yo ka fizik, mantal, oswa toude.

Yo dwe fè rapò sou zak swadizan vyolans oswa abi sou adolesan yo, bay moun ki anchaj oubyen direktè lekòl la. Tout anplwaye lekòl la oblije ripòte vyolasyon sou lwa sa a. Si ripòtè a sispèk ke vyolasyon règleman sa a konstitye yon krim, ripòtè ap imedyatman ripòte plent lan bay lapolis. Tout manm kominote lekòl la, ki gen ladan-n elèv, paran, gadyen, volontè ak vizitè yo ankouraje pou ripòte nenpòt zak ki ka yon vyolasyon sou regleman sa a.

Yon envestigasyon rapid nan nenpòt akizasyon ap fèt pa direktè lekòl la oswa reprezantan direktè lekòl la. Si ankèt la konkli ke akizasyon an se vre, moun ki komèt krim lan ap subi konsekans ki koresponn ak Kòd Konduit pou elèv yo.

Y ap bay enstriksyon konsènan vyolans oubyen abi nan renmen pou elèv ki nan klas 7yèm - 12yèm ane kòm youn nan konpozan sante konplè yo ki nan lis Seksyon 1003.42, Lwa Florid yo. Enstriksyon sa a ap genyen yon anfaz ki baze sou prevansyon epi li enkli vyolans oubyen abi sou jèn timoun ki renemen, li genyen ladan-l, men ki pa limite sou, definisyon vyolans oswa abi danjere, siy avètisman vyolans sou ti moun ki renmen oswa konpòtman abizif, karakteristik de yon relasyon ki an sante, mezi pou prevni ak sispann vyolans oswa abi nan renmen, ak resous kominote ki disponib pou viktim vyolans oswa ki subi abi.

## ENTIMIDASYON/ASÈLMAN

Seksyon 1006.147, Lwa Jeneral Florid, entèdi entimidasyon oswa asèlman sou nenpòt elèv oswa anplwaye enstitisyon edikasyonèl ki gen klas matènèl rive nan klas 12yèm ane. Distri a p ap tolere okenn kalite entimidasyon oswa asèlman. Tout elèv ak anplwaye yo gen dwa pou yo santi yo jwenn respè, sekirite ak pwoteksyon pandan y ap patisipe nan lekòl la ak nan aktivite ki asosye avèk lekòl la. Règleman ak pwosedi Distri Lekòl la endike nan Règleman Konsèy Administrasyon Lekòl la 4.14. Règleman an egzije:

- Yo dwe rapòte tout ensidan entimidasyon oswa asèlman ba administratè ki deziyen an.
- Yo dwe mennen ankèt sou tout akizasyon entimidasyon oswa asèlman nan yon mannyè apwopriye.
- Paran toulède elèv yo (elèv yo akize k ap fè entimidasyon an ak elèv victim nan) ap resevwa avi sou ankèt y ap fè a.
- Y ap fè paran yo konnen rezilta ankèt la.
- Y ap fè entèvansyon ak bay konsekans disiplinè pou yon elèv ki fè yon zak (oswa plizyè zak) entimidasyon.
- Elèv ki viktim konpòtman an ap resevwa entèvansyon apwopriye ak suivi.

**Entimidasyon** gen ladan entimidasyon cyber ki vle di intenet vle di ou bay kou fizik yon fason sistematik ak kwonik oswa ou bay detrès sikolojik sou youn oswa plizyè elèv oswa anplwaye. Answit, li defini kòm yon konpòtman ensiltan repete ki fèt alekri, aloral oswa fizik, tankou nenpòt menas, jès mechan oswa degradan, yon elèv oswa adilt fè epi ki grav oswa chokan ase pou kreye yon anviwònman entimidasyon, mechan oswa chokan;

sa lakòz malèz oswa imilyasyon; oswa sa nuizib yon fason ki pa rezonab pou rannman oswa patisipasyon moun nan; epi sa ka lakòz sa ki anba la yo, men pa sèlman:

- Menas pou anmède
- Asèlman
- Destwiksyon pwopriyete
- Entimidasyon
- Imilyasyon piblik
- Seksyèl, relijyon, enfimite ki baze sou
- Menas
- Vòl
- Esklizyon sosyal
- Vyolans fizik
- Sibè-entimidasyon

**4 Kalite**

1. Vèbal
2. Fizik
3. Emosyonèl
4. entimidatè sou entènèt

**Asèlman** se nenpòt menas, jès chokan oswa imilyan, itilizasyon done oswa lojisyèl, oswa konduit alekri, aloral, oswa fizik ki 1) mete yon elèv oswa yon anplwaye lekòl la nan laperèz pou nuizans sou li oswa domaj sou zafè, 2) gen efè nuizans avèk rannman edikasyonèl yon elèv, opòtinite oswa 3) gen efè deranjman operasyon annòd yon lekòl tankou nenpòt konduit ki vize yon moun espesifik ki lakòz detrès emosyonèl sou yon moun epi ki pa gen rezon valab.

Ka gen **Entimidasyon oswa Asèlman** ki baze oubyen ki ka pa baze sou Ras oswa Koulè, Peyi kote moun nan sòti oswa Etnisite li, oswa Andikap li; sa ka pa fèt tou akòz nenpòt nan faktè sa yo. Lalwa entèdi asèlman (ansanm ak asèlman seksyèl) ki baze sou ras, koulè, peyi kote moun nan sòti, sèks ak andikap. Lalwa entèdi diskriminasyon ki baze sou ras, koulè ak peyi kote moun sòti.

Men kèk **egzanp** konduit ki ka vle di entimidasyon oswa asèlman:

- Grafiti ki gen langaj chokan ki dirije nan direksyon yon moun oswa plizye moun
- Bay non, plezantri, bwi-kouri
- Menas oswa konduit ki vize yon lòt moun akòz ras li, koulè li, sèks oswa oryantasyon seksyèl,etnisite li, peyi kote li sòti, andikap li,oswa karaktè pèsonèl l
- Nòt oswa desen komi ki asosye avèk ras moun nan, koulè li, etnisite li, peyi kote li sòti, andikap li, oswa karaktè pèsonèl li
- Move pawòl sou ras, reyaksyon prejije, ak move zak ki baze sou karaktè pèsonèl yon moun
- Yon zak agresyon fizik oswa atak sou yon lòt moun akòz oswa nan yon mannyè ki asosye avèk ras li, koulè li, etnisite li, peyi kote li fè, andikap li, karaktè pèsonèl li
- Lòt kondui agresif tankou vòl oswa domaj nan pwopriyete ki motive akòz ras moun nan, koulè li, peyi kote li fèt, etnisite li, andikap li, oswa karaktè pèsonèl li

**Asèlman seksyèl** gen ladan konpòtman endezirab aloral oswa fizik avèk move pawòl sou sèks ki grav oswa ki chokan ase pou kreye yon anviwònman edikasyonèl entimidasyon, mechan oswa move, lakòz malèz oswa imilyasyon oswa entèferans ki pa rezonab ak pèfòmans oswa patisipasyon elèv la nan lekòl la; avans seksyèl ki endezirab ak repete, demann favè seksyèl ak lòt konduit ki asosye avèk sèks ki fèt aloral, ki pa aloral, ki alekri, ki gen imaj oswa ki fizik. Men kèk egzanp konduit ki ka vle di asèlman seksyèl:

- Manyen kò ou yon fason seksyèl oswa pale sou aktivite seksyèl yon moun devan lòt moun
- Fè presyon, fòse oswa eseye fè presyon oswa fòse manyen pati entim yon moun
- Move plezantri oswa jès ki asosye avèk sèks
- Fè desen oswa nòt ak imaj komik ki asosye avèk sèks
- Manyen, bay ti tap, penche, oswa kontak fizik endezirab ki pa nesesè pou anplwaye lekòl la mete restriksyon sou elèv yo pou evite nuizans fizik sou moun oswa sou pwopriyete
- Afich oswa ki gen imaj oswa kouvèti liv ki chokan
- Konpòtman oswa pawòl seksyèl endezirab, tankou demann favè seksyèl, ki vini avèk oswa ki bay pwomès pou tretman espesyal anrapò avèk travay oswa sitiyasyon edikasyonèl yon elèv.

Si nenpòt pawòl oswa aksyon fè ou santi ou pa alèz oswa ba ou laperèz, ou dwe fè yon pwofesè, konseye, direktè a oswa direktè adjwen oswa kowòdonatè dwa a konnen sa

Ou ka fè yon rapò ekri tou bay lekòl koòdonatè ekitab, direktè asistan oswa direktè a.

Y ap respekte dwa ou pou enfòmasyon prive otank posib.

Distri Lekòl la ap pran mezi si nenpòt moun eseye entimide ou oswa fè aksyon pou nui ou paske ou te fè yon rapò konsa.

| CONFLICT | RUDE | MEAN | BULLYING |
|---|---|---|---|
| Okazyonèl | Okazyonèl | Yon fwa oswa de fwa | Repete |
| San planifye / pandan moman tou cho | Konpòtman espontane / souvan konpòtman ki pa entansyonèl | Konpòtman entansyonèl | Souvan planifye e fèt avèk yon objektif |
| Tout moun fache | Moun ki fache ki ka blese santiman lòt moun | kapab blese lòt moun pwofondeman | ka lakòz gwo domaj emosyonèl ki dire lontan |
| Tout moun vle travay pou rezoud problem lan | Souvan baze sou Konpòtman insupotab oswa move konpòtman | Souvan baze sou kòlè; mechanste san reflechi | Entimidatè a ap eseye jwenn pouvwa oswa kontwòl sou moun lap tagèt la |
| Tout moun yo ap aksepte responsablite yo | moun ki frekan yo sipoze aksepte responsablite yo | Yo souvan regrèt Konpòtman yo | Entimidatè a souvan blame tagèt la |
| Yon efò fèt pa tout moun pou yo rezoud pwoblèm lan | Mande padon | Mande padon souvan ase | Moun yap taget la vle konpòtman entimidatè a sispann |
| Jeneralman kapab rezoud nan medyasyon | Konpetans sosyal kapab yon benefis | Bezwen adrese / pa ta dwe inyore | Pa kapab rezoud nan medyasyon, yo ta dwe ripòtel |

Sous: Adapte soti nan Jennifer Astles, DASA Bilten nouvèl, Janvye 2014, TST BOCES ak modifye pa la Distri eskolè nan Lee County, Sèvis Elèv yo

*Konsèy pou Evite Entimidasyon pou Elèv yo*

| Èske yo entimide ou? | Èske w ap entimide lòt moun? | Èske ou wè moun k ap entimide lòt? |
|---|---|---|
| 1. Toujou di yon adilt sa. Li enpòtan pou rapòte sa pou adilt yo kapab ede ou mete yon pwen final nan entimidasyon an.<br>2. Rete nan yon gwoup. Si ou pase tan avèk lòt timoun, ou p ap yon sib fasil, epi w ap gen lòt moun pou ede ou si ou tonbe nan yon move sitiyasyon.<br>3. Eseye defann tèt ou kont moun k ap entimide ou a. Di moun nan ou pa renmen sa, sa l ap fè a pa bon, epi ou vle pou li sispann!<br>4. Fè yon plezantri. Pafwa imè a kapab chanje yon sitiyasyon pou vin nan yon youn ou ka kontwole.<br>5. Sonje, se pa fòt ou. Pa gen moun ki merite pou viktim entimidasyon. | 1. Reflechi sou w ap fè a ak sou fason sa fè lòt yo mal. Mete tèt ou nan plas yo. Reflechi sou santiman yo, epi pa fè sa ankò!<br>2. Li pa janm bon pou fè moun mal ak fè yo santi yo pa byen. Reflechi sou fason ou santi ou lè ou fè tèt ou mal.<br>3. Pale avèk yon adilt. Si ou pa sèten pou kisa w ap entimide lòt timoun yo oswa fason pou sispann, ou bezwen pale sou sa. Paran, pwofesè, konseye lekòl yo, ak lòt adilt ou fè konfyans kapab ede ou chanje konduit ou, yon fason pou ou kapab gen zanmi.<br>4. Respekte tèt ou epi trete lòt yo avèk menm respè ou vle a. | 1. Sipòte yon moun ki viktim entimidasyon. Eseye pase tan avèk li, ansanm avèk li nan aktivite, oswa senpleman pale avèk li. Sa ap montre ou enterese.<br>2. Anpeche moun nan fè entimidasyon an. Eseye fè lòt timoun yo sipòte ou. Li pa fasil pou anpeche timoun k ap entimide lòt, men li bon pou fè sa! Lè moun k ap fè entimidasyon an remake lòt timoun pa panse li bon, moun k ap fè entimidasyon an gen plis chans pou sispann.<br>3. Rapòte entimidasyon ba yon adilt. Anpil timoun ki viktim entimidasyon pè pale sou sa paske yo pè pou sa pa vin pi mal. Timoun k ap fè entimidasyon an gen plis chans pou sispann si yo pa panse yo kapab sòti nan sa. |

# Pwogram Prevansyon pou entimidasyon

## Seksyon 1006.147, Lwa Florid
## Lis Pwogram Entimidasyon Otorize pa Distri Lekòl la

- **Dezyèm Etap**
- **Bully Safe**
- **Bully Busters**
- **Bang Bang Ou mouri**
- **Sans Nòmal nan Resous pou Media Edikasyon pou Digital Sitwayènte**






**Sant edikasyon piblik nan konte Lee**

**Bully Prevention Contract**

**Student and Parent/Guardian Agreement**

Tout moun gen dwa pou yo santi an sekirite fizikman ak emosyonèlman nan lekòl la. Mwen pral fè tout sa mwen kapab pèsonèlman, kòm yon manm nan kominote lekòl mwen an, yo kreye e pou prezève yon anviwonman san danje fizikman ak emosyonèlman

**Responsablite elèv la:**

Mwen pral fè sa mwen pa pral nui oswa bully kamarad klas mwen an. Lè m 'temwen kaponnay, mwen pral rapò sou sa bay yon adilt.

Nom eleve la________________________ Nivo____________

___________________________________
Siyati Elèv la : Dat _____________

**Responsabilite paran:**

Mwen fè ou ankouraje pitit mwen an toujou respekte lòt moun. Mwen enstwi pitit mwen an pa fè move zak. Mwen te avize pitit mwen an rapòte nenpòt zak bullying bay otorite yo.

____________________________________ Dat_____________
Siyati Paran

Kontra sa se yon akò ant elèv ak paran / gadyen.

*Entimidasyon ak entimidasyon sou entènèt gen ladan vle di sistematik ak kwonik enflije blese fizik oswa detrès sikolojik sou youn oswa plis elèv oubyen anplwaye. Li defini pi lwen kòm vle repete ak ekri, vèbal, oswa konpòtman fizik, ki enkli nenpòt ki menase, ensilt, oswa degradan, pa yon elèv oswa yon granmoun, osnon pi grav Sa se grav ase yo kreye yon anviwonnman edikatif entimidan, ostil oswa chokan; ki lakòz anbarasman oswa imilyasyon; oswa san rezon entèfere ak pèfòmans endividyèl lekòl la oswa patisipasyon; e sa ka enplike men se pa sa sèlman: anwiye lòt moun, eksklizyon sosyal, menas, entimidasyon, pouswiv moun, vyolans fizik, vòl, pèsekisyon seksyèl, relijye, oswa rasyal, imilyasyon piblik oswa prive, destriksyon pwopriyete, ak entimidasyon sou entènèt.*


Distri eskolè nan konte Lee Alegasyon Pwosesis Entimidasyon Envestigasyon:
(Inisye lè yon plent resevwa)
Fè yon ankèt
Kòmanse envestigasyon apre li resevwa yon Fòm konfòme.
Pleyan, akize, ak paran (si sa aplikab) avize w de plent fòmèl ekri ak entèvyou.
Dokimante tout entèvyou ak pati yo ak temwen nan tout ankèt la lè l sèvi avèk Fòm Rapò Plent Entimidasyon, ak Fòm Deklarasyon Entimidasyon Temwen.
Te gen Entimidasyon?
Akizasyon deyò sijè ki abòde nan
Li te yon zak Kriminèl
WI
NON
Gade nan lalwa Ranfòsman. Yo mande piblikasyon Imedyat le paran notifye
Notifye paran timoun la rezilta yo.
WI
Notifye paran nan sib ak agresè a.
Aksyon pran, ni nan disiplin ak edikasyon.
Ranpli fòm referans disiplin la jan sa apwopriye.
Kenbe dokiman epi dosye elèv la.
Siveye epi swiv rekòmandasyon pou entèvansyon, oswa lòt aksyon ki apwopriye pou elèv ki enplike a
Antre nan done referans disiplin (Entimidasyon oswa Bully Rapò) nan Aplikasyon Sipò Distri a. antre done viktimla sou demografik ekran mainframe si la
NON
Notifye paran yo nan rezilta ankèt la
Siveye epi swiv rekòmandasyon pou entèvansyon, oswa lòt aksyon ki apwopriye pou elèv ki enplike a
Kenbe dokiman epi kenbe dosye nan tout prèv ki gen rapò ak nan envestigasyon.
Antre UBL (eteye Entimidasyon) oswa UHR (Eteye Arasman) done nan Sipò pou Distri
Voye yon kopi plent Entimidasyon Fòm Report, Envestigasyon etap pou swadizan entimidasyon ant elèv, Fòm Envestigasyon, ak rekòmandasyon disiplin nan "Dr Bohatch, Direktè, Sèvis Elèv ".

| **Kisa w ap fè si pitit ou viktim entimidasyon?** | **Kisa pou fè si pitit ou ap entimide lòt moun?** | **Kisa pou fè si pitit ou se yon temwen?** |
|---|---|---|
| 1. Ankouraje pitit pou toujou pale avèk ou sou nenpòt entimidasyon swadizan ensidan. (Sonje entimidasyon an ap repete, se yon dezekilib, epi li endezirab).<br>2. Mande pitit ou kijan li te eseye sispann entimidasyon an.<br>3. Montre pitit ou lòt posiblite yo.<br>4. Trete lekòl la kòm alye ou.<br>5. Ankouraje pitit ou pou chèche èd epi pou li rapòte ensidan entimidasyon an ba moun li fè konfyans nan lekòl la.<br>6. Itilize anplwaye lekòl la ak lòt paran yo kòm resous pou jwenn fason ki pozitif pou ankouraje konpòtman ki montre respè nan lekòl la.<br>7. Ankouraje pitit ou pou li kontinye pale avèk ou sou tout ensidan entimidasyon yo. | 1. Rete kalm!<br>2. Pale ak pitit ou.<br>3. Fikse limit pou pitit ou. Kontwole televizyon, jwèt video, ak aktivite mizik. Limite tan pitit ou pase avèk kontni ki vyolan.<br>4. Ranfòse rezolisyon konfli yo yon fason pozitif.<br>5. Diskite sou fason lòt moun santi yo lè pawòl oswa aksyon yon lòt moun fè yo mal.<br>6. Montre pitit ou fason pou satisfè bezwen li ki diferan avèk entimidasyon.<br>7. Pale avèk lekòl pitit ou. Fè yo konnen pitit ou ap travay pou chanje konpòtman li epi jwenn fason ou kapab travay avèk yo pou sipòte chanjman sa a.<br>8. Pran pasyans! Chanjman pran tan. Felisite li ou **NENPÒT** chanjman pozitif. | 1. Ankouraje pitit ou a pou li rapòte..<br>2. Pale avèk pitit ou sou fason pou sipòte viktim nan. Pa ri ansanm avèk moun k ap fè entimidasyon an, pa ede moun k ap fè entimidasyon an, sipòte yon viktim, di yon adilt sa.<br>3. Ankouraje pitit ou pou jwenn yon gwoup kamarad ki pozitif.<br>4. Kite liy kominikasyon yo louvri – fè yo konnen yo kapab rapòte nenpòt ensidan entimidasyon yo wè ba ou.<br>5. Fè ou remake ou rezoud konfli yo nan yon mannyè apwopriye!<br>6. Fè tande vwa ou nan lekòl pitit ou. Fè fòs avèk anplwaye lekòl la pou toujou gen yon anviwònman san entimidasyon.<br>7. Travay ansanm avèk lòt paran yo pou sipòte pitit ou! |

Distri eskolè a chache jwenn epi idantifye tout moun avèk enfimite ki kalifye ki aje ant 3 ak 21 an. N ap founi bay tout moun elijib pou sèvis pou elèv ak bezwen espesyal yon edikasyon gratis epi apwopriye. Distri a pa p bare pyès moun ak enfimite pou patisipe nan ou pou resevwa benefis nan kenenpòt pwogram ou aktivite distri a poutèt enfimite li Selman. Nitou distri a pa p kite pyes moun vin sije diskriminasyon nan kenenpot pwogram ou aktivite distri a poutet enfimite li sèlman. Si ou kwè politik sila a gentan vyole, tanpri kontaktè kowòdonatè ekite nan lekòl la oubyen dirèktè adjwen Sèvis pou etidyan nan: 337-8181

## PREZANS

Elèv yo gen dwa resevwa yon edikasyon ki gratis e apwopriye, men yo asime reskonsablite pou yo vini regilyèman epi alè. Paran/gadyen reskonsab pou fè pitit yo asiste lekòl lè yo gen ant 6 pou 16 an, kote yo blije asiste lekòl (Pwojè lalwa Florid, seksyon 1003.24). Paran yo reskonsab pou enfòme lekòl chak fwa pitit yo absan epi eksplike lakòz (Pwojè lalwa Florid, seksyon 1003.24). Prezans regilye nan lekòl pwomouvwa reyisit akademik la. Lè elèv yo an reta yo manke enstriksyon ki enpòtan. Anpil reta pannan ane eskolè gendwa rezilte nan aksyon disiplinè.

### ESTANDA POU PREZANS NAN LEKÒL

A. Tout elèv fèt pou yo prezan nan lekòl epi pou yo alè chak jou lekòl la ouvè pannan ane eskolè a.
B. Elèv yo pa gendwa absan nan lekòl san dizon dirèktè oubyen dirèktè deziyen.
   1. Dirèktè lekòl oubyen dirèktè deziyen se sèl moun otorize pou ekskize absans yon elèv nan lekòl.
   2. Yon nòt oubyen yon apèl nan men paran se sèlman yon demann pou ekskize absans elèv la.
   3. Lè yon elèv gentan akimile yon eksè absans (5 jou nan yon mwa almannak oswa 10 jou nan 90 jou almannak) epi elèv la rive gen absans ankò poutèt li malad, direktè a ka egzije paran/gadyen pou renmèt yon nòt nan men doktè a pou verifye maladi a (Politik Konsèy eskolè 4.16).

C. Sis (6) reta pa ane pou lekòl oubyen pou yon klas se konsidere an eksè e abityèl.
D. Pou ranfòsman prezans obligatwa nan lekòl la, twa reta san motif oswa lè ou vin chèche pitit ou bonè san motif ka, selon desizyon direktè lekòl la, konsidere egal a yon jou absans.

## RATRAPAJ

Yon elèv ki absan, epi absans lan konsidere kòm jistifye daprè politik Konsèy eskolè 4.16, dwè ratrape tout travay li manke. Se reskonsablite elèv la pou chache tout travay li manke fè nan men pwofesè a/yo osito li tounen lekòl aprè yon absans. Elèv la ap resevwa kantite jou absan yo plis yon lòt jou pou ratrape tout travay li te rate pou tout kredi a.

## KAS BEKÀN

Pwojè lalwa Florid 316.2065 egzije tout moun anba 16 an ki moute bekàn pou mete yon kas ki satisfè kritè *American National Standards Institute*. Tout moun anba 16 an ki moute bekàn sou pwopriyete Konsèy eskolè a dwè mete yon kas.

## TRANSPÒTASYON NAN OTOBIS

Vwayaje nan otobis se yon privilèj. Dirèktè lekòl ki gen otorite pou sispann privilèj transpòtasyon nan otobis la ap resevwa yon rapò konsènan tout elèv ki vyole regleman yo. Sispansyon privilèj transpòtasyon <u>pa vle di</u> sispansyon nan asiste lekòl la tou. Lè yon elèv resevwa yon sispansyon nan otobis la, li toujou egzije asiste lekòl.

Chofè otobis lekòl la la gen otorite pou veye epi kontwole konpòtman elèv yo kenenpòt lè yo nan bis la pou ale/soti nan lekòl oubyen aktivite lekòl. (1006.10, Lwa Jeneral Florid)

Regleman sila yo se pou sekirite elèv yo, lòfini se pou tout elèv k ap vwayaje nan yon otobis. Tout regleman sila yo afiche nan chak bis nan Distri eskolè nan konte Lee.

1. Se chofè a ki reskonsab nan bis la, epi tout elèv dwè obeyi chofè a.
2. Elèv yo dwè gade syèj kote yo plase epi gade tèt ak ponyèt yo andan bis la menm an toutan.
3. Manje, bwè oubyen manje chiklèt se entèdi nan otobis lekòl yo.
4. Kenenpòt bagay ki menase sekirite elèv yo <u>se entèdi</u>
5. Ou gendwa sèvi ake aparèy MP3 elatriye si ou menm sèl ka tande li sèlman. Yo pa pèmèt elèv yo sèvi ak yon aparèy elektwonik oswa kamera nan aktivite dosye nan yon otobis lekòl yo. (Posesyon tout anplwaye aparèy elektwonik, ki gen ladan telefòn selilè, se fè sou pwòp risk elèv la epi lekòl-an pa gen responsablite, legal oswa Sinon, Ak konsidere bagay sa yo.)



6. Elèv ki bay manti pandan y ap monte yon bis lekòl ap fè fas a mezi disiplinè pou chak Kòd Konduit la.

**<u>Demann pou anbake nan yon diferan otobis oubyen debake nan yon diferan arè</u>**

Tout demann pou anbake nan yon diferan otobis oubyen pou debake nan yon diferan arè ***<u>dwè siyen pa yon paran oubyen gadyen, epitou yo dwè apwouve pa yon administratè otorize nan lekòl</u>***.

Demann pou anbake nan yon diferan otobis oubyen pou debake nan yon diferan arè ***<u>ta dwè apwouve sèlman anka ijans</u>***. Nòmalman, elèv yo dwè debake nan menm kote yo anbake.

Anbake nan yon lòt otobis pou ale lakay yon zanmi, pou ale nan travay, pou ale nan klèb prive ou reyinyon ki pa relye ak lekòl, pou ale nan leson prive, epi pou lòt bagay pèsonèl ***<u>PA P APWOUVE</u>***.

**Sispansyon privilèj vwayaje nan otobis gendwa rezilte lè yon elèv vyole *Kòd kondwit pou elèv*. Konsekans pou vyolasyon regleman sila yo se pa limite a sispansyon nan otobis, lòt sanksyon ki konprann sispansyon nan lekòl ou ekspilsyon gendwa enpoze lè se merite.**

## DISTRI ESKOLÈ NAN KONTE LEE, FLORID
## ZÒN TRANSP ÒTASYON



| **ZÒN LWÈS**<br>**(772-2349)** | **ZÒN SID**<br>**(590-4000)** | **ZÒN LÈS**<br>***(303-7400) **(303-5999)** |
|---|---|---|
| ********************** | ********************** | ********************** |
| Caloosa Elementary | Allen Park Elementary | Bayshore Elementary |
| Caloosa Middle | Bonita Springs Elementary | Buckingham Exceptional |
| Cape Elementary | Bonita Springs Middle | Dunbar High (Akademi Teknoloji) |
| Cape Coral High | Bonita Springs High | East Lee County High |
| Cape Coral Institute of Technology | Colonial Elementary | Edgewood Elementary |
| Challenger Middle | Cypress Lake Middle | G. Weaver Hipps Elementary |
| Diplomat Elementary | Cypress Lake High | Gateway Elementary |
| Diplomat Middle | Dunbar High | Harns Marsh Elementary |
| Dr. Carrie D. Robinson Littleton Elementary | Edison Park Creative/Expressive Arts | Harns Marsh Middle |
| Gulf Elementary | Estero High | James Stephens International Acad. |
| Gulf Middle | Fort Myers Beach Elementary | Lee Middle |
| Hancock Creek Elementary | Fort Myers High | Lehigh Elementary |
| Hector A. Cafferata Jr. Elementary | Fort Myers Institute of Technology | Lehigh Acres Middle |
| Ida S. Baker High | Fort Myers Middle Academy | Lehigh Senior High |
| Island Coast High | Franklin Park Elementary | Manatee Elementary |
| J. Colin English Elementary | Heights Elementary | Michigan International Academy |
| Mariner Middle | LAMP | Mirror Lakes Elementary |
| Mariner High | Lexington Middle | Oak Hammock Middle |
| North Fort Myers Academy for the Arts | Orangewood Elementary | Orange River Elementary |
| North Fort Myers High | P.L. Dunbar Middle | River Hall Elementary |
| Patriot Elementary | Pinewoods Elementary | Riverdale High |
| Pelican Elementary | Rayma C. Page Elementary | Sunshine Elementary |
| Pine Island Elementary | Ray V. Pottorf Elementary | The Alva School |
| Skyline Elementary | Royal Palm Exceptional Center | Tice Elementary |
| Trafalgar Elementary | San Carlos Park Elementary | Tortuga Preserve Elementary |
| Trafalgar Middle | South Fort Myers High | Treeline Elementary |
| Tropic Isles Elementary | Spring Creek Elementary | Varsity Lakes Middle |
| | Success Academy | Veterans Park Academy for the Arts |
| | Tanglewood/Riverside | |
| | The Sanibel School | *Biwo Buckingham |
| | Three Oaks Elementary | **Biwo Lehigh |
| | Three Oaks Middle | |
| | Villas Elementary | |

**Si ou gen keksyon oubyen sousi konsènan transpòtasyon nan otobis, tanpri kontakte Depatman Transpòtasyon nan 334-0211. Si se aprè è ouvèti, tanpri rele nimewo nan zòn ou ki liste anwo jouk 7è00 diswa.**

# APARANS ELÈV AK POLITIK ABIMAN

Objèktif kòd abiman an se pou ankouraje elèv yo konsantre sou pwosesis aprantisay san yo pa deranje avèk abiman ou aparans ki pa konvnab. Elèv yo pral mentni yon aparans pwòp e net an toutan.

Reskonsablite pou abiman ak aparans elèv yo ki enskri nan Distri eskolè nan konte Lee rete prensipalman nan men paran/gadyen epi elèv yo menm. Aparans pèsonèl p ap diminye pwosesis edikatif. Yon elèv ki abiye yon jan apwopriye ape demoutre respè pou tèt li epi lòt moun tou, lòfini l ape kontribye nan anviwonnman aprantisay ak lòd e metòd. Estanda swivan yo se minimòm aseptab pou abiman elèv, lòfini se estanda sila yo ki entèprete epi aplike pa dirèktè lekòl oubyen dirèktè deziyen. Chak dirèktè lekòl gen otorite ansanm avèk pèsonèl ak konminote a, daprè politik Konsèy eskolè nan konte Lee, pou tabli lòt estanda **apa** nan chak lekòl.

**Pou lekòl yo ki gen politik inifòm, tanpri gade manyèl elèv la pou regleman sou abiman siplemantè nan lekòl sa a.**

1. Elèv yo pral mete soulye nan pye an toutan.
2. Abi dwè gen longè ase epi kouvri kò ase pou l ka apwopriye pou lekòl.
3. Pantalon dwè rive nan nivo senti epi byen tache, lòfini pinga ou moutre pyès souvètman.
4. Pinga ou pòte pyès pantalon ki gen twou, ki dechire, si nan jijman dirèktè lekòl la, yo gendwa deranje anbyans lekòl la.
5. Se entèdi pou pòte rad ki espoze souvètman oubyen ki kale kò nan yon mannyè ki endesan ou gwosye.
6. Chimiz ou kòsaj dwè fèmen yon fason ki konvnab ak estil chimiz ou kòsaj la. Tout chimiz ou kòsaj pral depase senti a.
7. Se entèdi pou pòte rad ki transparan, ki moutre lestonmak, ki san bretèl, ki dekòlte, oubyen kenenpòt rad ki kale kò ou ki sigjestif; rad do toutouni, jilè kò (souvètman) ak tout rad ki gendwa distrè se entèdi.
8. Kenenpòt rad ou bijou ki gendwa fè moun mal ou koze blesi—pa egzanp chenn, goumèt, braslè, bag, kolye avèk ou san piki, ou klou dekoratif se entèdi. Chenn pou bous kenenpòt longè se entèdi.
9. Se entèdi pou pòte rad avèk anblèm, ensiy, badj ou senbòl ki pwomouvwa itilizasyon tafya, dwòg, tabak ou kenenpòt lòt aktivite ilegal.
10. Tatou ki relye ak gang, oubyen lòt kalite tatou ki gendwa deranje anviwonnman edikatif tèlke detèminen pa dirèktè a se entèdi
11. Rad ou senbòl ki gendwa relye avèk gang sou pèsonn ou nan posesyon se entèdi.
12. Se entèdi pou mete (pèse) bijou sou kenenpòt pati kò a ki vizib apa zòrèy yo, si nan jijman dirèktè lekòl la, yo gendwa blese yon moun, yo ka prezante yon ris sekirite yonn moun, oubyen yo gendwa deranje anbyans lekòl la. Men kèk egzanp bagay ki entèdi: objè ou zanno ki atache a ou ki pèse nen an, sousi a, po figi a, po bouch la, elatriye.
13. Se entèdi pou mete kepi, kaskèt, « kouvretèt » e kapichon, oubyen linèt solèy, sòf sizoka li apwouve pou inifòm lekòl, evennman espòtif ou lòt aktivite. Gendwa sèten eksepsyon pou kondisyon medikal epi pou klas edikasyon fizik ki deyò. Se dirèktè lekòl la k ap detèminen eksepsyon sila yo.
14. Nenpòt metòd nan ekspozisyon piblik (ki gen ladan rad, zong pou colore, ak lòt bagay ki ka mete oswa pote) nan yon òganizasyon afilye ak aktivite kontwovèsyal, obsèn, oswa ilegal sou yon moun, si nan jijman direktè lekòl la, yo ka lakòz yon dezòd konsiderab nan anviwònman lekòl la.
15. Koloryaj nan cheve oubyen estil kwafi ki gendwa deranje anviwonnman edikatif tèlke detèminen pa dirèktè a se entèdi
16. Mayo ki long anpil oubyen ki gwo anpil se entèdi.

**Vyolasyon kòd abiman gendwa rezilte nan mezi *korektif sa yo:*** *(1006.07, Lwa Jeneral Florid)*

**Prenmye vyolasyon**: Kòrèksyon vèbal & kontakte paran

**Dezyèm vyolasyon**: Pèdi privilèj patisipe nan aktivite paraskolè (o plis 5 jou), konf. ak paran
1 jou ISS li pap patisipe nan aktivite anplis. Rele paran.

**Twazyèm vyolasyon ak lòt**: Nivo II ISS (pou jis 2 jou), pèdi privilèj patisipe nan aktivite paraskolè (o plis 30 jou), kontak vèbal e alekri ake paran konsènan konsekans.

## KRIM KI FÈT ANDEYÒ TEREN LEKÒL

Yon elèv ki enkilpe fòmèlman pa pwokirè leta a pou yon krim ki fèt andeyò teren lekòl, oubyen pou yon deli ki ta yon krim si li te granmoun, oubyen pou yon krim kote li jije koupab, gendwa vin sijè a sispansyon ou ekspilsyon nan lekòl (pwojè lalwa Florid, seksyon 1006.09) si ensidan an fè prèv, daprè yon chitatande onivo lekòl la, yon enpak negatif sou pwogram edikasyon, disiplin ou byennèt lekòl kote elèv la enskri. Si elèv la jije koupab yon krim oubyen yon deli ki ta yon krim si li te granmoun, li gendwa resevwa yon plasman altènatif sou baz pèmanan.

Si se elèv la jije koupab de yon krim oswa yon zak delenkan ki ta kapab yon krim ke komèt pa yon granmoun, kèlkeswa si desizyon te kenbe, patisipasyon elèv la nan aktivite entèskolè andeyò ap sispann pou rès ane lekòl la.

## VYOLANS NAN LEKÒL

**PWOJÈ LALWA POU LEKÒL SAN ZAMAFE EPI POLITIK ZEWO TOLERANS POU KRIM VYOLAN NAN LEKÒL** – Pou respekte Pwojè lalwa pou lekòl san zamafe epi politik Konsèy eskolè leta a: Zewo tolerans pou krim vyolan nan lekòl, fanmi ak elèv yo dwè konprann gen sèten zak kriminèl, zak vyolans ak lòbèy ki rive sou teren lekòl, sou transpòtasyon lekòl ou pannan aktivite lekòl, ki dwè siyale ak lapolis lokal. Zak sila yo gendwa enkli: omisid; aso sèksyèl; vòl ak zam; aso agrave, aso sou pwofesè ou pèsonèl lekòl; kidnapin ou anlèvman; ensandi kriminèl; posesyon ou vant dwòg ilisit oubyen alkòl; posesyon, itilizasyon ou vant kenenpòt zamafe, lanm jilèt, kanif, kouto ou eksplozif; vandalis; menas bonm; fè konfyolo oubyen pouse dife pou fè yon eskonbrit; antre non otorize sou teren lekòl yo; arasman sèksyèl, elatriye. Itilizasyon dwòg ilisit ou posesyon ilegal alkòl se pa korèk epi se danjere. Enfòmasyon konsènan asistans sikolojik pou dwòg oubyen alkòl, oubyen konsènan pwogram dezentoksikasyon se disponib nan biwo konseye lekòl. Lè yon elèv jije koupab oubyen lè li pa konteste kilpabilite pou sèten krim vyolan, koupab la dwè separe ak viktim nan e frè ak sè viktim nan, aprè lekòl resevwa notifikasyon nan men Depatman Jistis pou Jenès.

1. Kenenpòt elèv ki fè zak vyolans kriminèl pral sijè a konsekans ki pi rèd, sa ki enkli sispansyon ak ekspilsyon.
2. Kenenpòt elèv ki posede, vann oubyen sèvi ak yon zamafe pral sijè a ekspilsyon nan pwogram regilye lekòl pou pa mwens pase yon (1) ane eskolè ankè.
3. Kenenpòt elèv ki enkilpe pou aso agrave, oubyen aso ou aso agrave sou yon anplwaye Konsèy eskolè a, an vyolasyon pwojè lalwa 784.081, pral sijè a plasman altènatif oubyen ekspilsyon, tèlke apwopriye. Lè yon elèv enkilpe pou ofans lan, lekòl pral wete elèv la nan sal klas la imedyatman pou plase l nan lekòl altènatif pannan dispozisyon ka li a.
4. Pwovizyon mansyonnen anwo adokte **Pwojè lalwa pou lekòl san zamafe epi politik Konsèy eskolè leta a: Zewo tolerans pou krim vyolan nan lekòl**.

**Pwojè lalwa Florid, seksyon 1006.13: Politik zewo tolerans pou krim ak viktimizasyon egzije distri eskolè a, aprè notifikasyon nan men Depatman jistis pou jennès (DJJ), asire yon koupab pa asiste menm lekòl oubyen anbake nan menm otobis ak viktim nan oubyen frè ou sè viktim nan.**

**Kenenpòt elèv ki pòte yon zamafe, tèlke defini nan pwojè lalwa 18 U.S.C. s. 921, nan lekòl, nan kenenpòt aktivite lekòl, oubyen sou kenenpòt transpòtasyon patwonnen pa lekòl pral ekspilse, san ou avèk sèvis edikasyonèl kontini, pou yon peryòd pa mwenske yon (1) ane ankè, lòfini l ap jidisyè.**

**Posede, itilize ou vann dwòg ilisit pa yon elèv sou teren lekòl oubyen pannan yon aktivite lekòl gendwa rezilte nan mezi disiplinè ak penn kriminèl. Pwojè lalwa Florid, chapit 893, defini yon dwòg ilisit.**

# Pwosedi ak kontni eskolè

**(Politik Konsèy eskolè 4.09)**

A. **Objèktif**
Objèktif politik Konsèy eskolè 4.09 se pou delimite pozisyon Konsèy eskolè a konsènan menas, sigjesyon oubyen prediksyon vyolans kont kenenpòt moun, gwoup oubyen enstalasyon distri a.

B. **Pwosedi ak kontni**

(1) Menas vyolans

a. « Zewo » tolerans
Pinga elèv, pèsonèl, paran/gadyen oubyen kenenpòt lòt moun fè menas, sigjesyon ou prediksyon vyolans yon fason vèbal, ekri ou elektwonik (pa kouriyèl) kont yon lòt moun, gwoup moun ou enstalasyon distri a. Zak sila yo pral rezilte nan mezi disiplinè bridsoukou epi avètisman ak sèvis lapolis.

b. Mezi disiplinè distri a
1. Dirèktè chèf lekòl yo gendwa rekòmande ekspilsyon elèv la bay Konsèy eskolè a.
2. Dirèktè chèf lekòl yo gendwa rekòmande bay Konsèy eskolè a pou l revoke yon anplwaye.
3. Kenenpòt menas, sigjesyon oubyen prediksyon vyolans pa yon paran/gadyen ou lòt moun pral rapòte ak sèvis lapolis.

c. Rapòte menas
Elèv yo pral rapòte kenenpòt menas vyolans bay yon pwofesè, konseye lekòl, dirèktè adjwen ou dirèktè, oubyen yo mèt rele liy ouvè: ***Student Crimestoppers Hotline*** **(1-800-780-TIPS)**. Manm pèsonèl pral rapòte tout menas vyolans bay dirèktè, chèf depatman ou dirèktè chèf lekòl yo.

d. Reskonsablite pou donmaj
